# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–27 जुलाई 2025** **भोजपुरी समाचार**

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आजु आकाशवाणी से मन की बात कार्यक्रम क 124वीं कड़ी में देसवासियन से आपन विचार सांझा कइलें। विज्ञान में देस क बढ़त उपलब्धियन क जिकिर करत उहां के कहलीं कि भारत में विज्ञान नया उजा से आगे बढ़ रहल हौ। श्री मोदी कहलें कि शुभांशु शुक्ला क अंतरिक्ष से सुरक्षित वापसि से देस गर्व से भर गइल।

***अभी हाल ही में शुभांशु शुक्ला की अंतरिक्ष से वापसी को लेकर देश में बहुत चर्चा हुई। जैसे ही शुभांशु धरती पर सुरक्षित उतरे लोग उछल पड़े। हर दिल में खुशी की लहर दौड़ गई। पूरा देश गर्व से भर गया। अब छोटे–छोटे बच्चे कहते हैं। हम भी स्पेस में जाएंगे। हम भी चांद पर उतरेंगे। स्पेस साइंटिस्ट बनेंगे।***

प्रधानमंत्री कहलें कि लइकन में नवाचार बढ़ावे बदे इन्सपायर–मानक अभियान में हर स्कूले से पांच लइके चुनल जाले अउर हर लइका एगो नया आईडिया ले आवेला। उहां के खुसी जाहिर कइलीं कि अबले लाखों लइके येह से जुड़ चुकल हवें।

***इंस्पायर मानक अभियान का नाम सुना होगा। यह बच्चों के इनोवेशन को बढ़ावा देने का अभियान है। इसमें हर स्कूल से 5 बच्चे चुने जाते हैं। हर बच्चा एक नया आईडिया लेकर आता है। इससे अब तक लाखों बच्चे जुड़ चुके हैं और चंद्रयान–3 के बाद तो इनकी संख्या दोगुनी हो गई है। अगले महीने 23 अगस्त को नेशनल स्पेस डे है। आप इसे कैसे मनाएंगे कोई नया आईडिया है क्या। मुझे नमो ऐप पर जरूर मैसेज भेजिएगा।***

श्री मोदी सात अगस्त 1905 में सुरू भइल स्वदेसी आन्दोलन क जिकिर कइलें जेकरे यादि में हर बरिस सात अगस्त के राष्ट्रीय हथकरघा दिवस मनावल जाला। आत्म निरभरता से विकसित भारत के संकल्पना क जिकिर करत प्रधानमंत्री कहलीं कि दुइ हजार सैंतालिस के विकसित भारत क रस्ता आत्म निरभरता से हो के गुजरेला अउर आत्म निरभर भारत क नेव तब्बे मजबूत होई जब हम्मन के उहे खरिदी अउर बेची जेह के बनउले में कउनो भारतीय क पसीना बहल होखे। श्री मोदी कहलें कि स्वच्छ भारत मिसन एगो जन आन्दोलन बनि चुकल हौ। येह बरिस के स्वच्छ सर्वेक्षण में साढ़े चार हजार से बेसी सहर अउर कसबा जुड़ल हवें। प्रधानमंत्री मोदी हरियाली तीज क मौका पे देस वासियन के सुभकामना दिहलें।

**********

प्रदेस के सज्जों जिला के दुइ हजार तीन सौ बयासी परीक्षा केन्द्रनन पे आजु समीक्षा अधिकारी अउर सहायक समीक्षा अधिकारी पद बदे परीक्षा पूरा भइल। उत्तर प्रदेस लोक सेवा आयोग की ओर से एक पाली में भइल येह परीक्षा क सुचिता बदे सासन परसासन पुरहर इतिजाम कइले रहल। परीक्षा क निगरानी सीसी कैमेरा से कइल गइल।

**********

गाजीपुर सदर कोतवाली क डिलिया गांव में एगो बेटा अपने माई–बाप आ बहिन क धारदार हथियार से हत्या कई दिहलस। घटना के बाद आरोपी फरार गइल हौ। मौका पर पहुंचल पुलिस तीनो शव के पोस्टमार्टम बदे भेजले के बाद मामिला क जांचि कइल रहल हौ। पुलिस येह घटना क कारन जमीन क विवाद बता रहल हौ।

**********

उत्तराखण्ड के हरिद्वार में मंसादेवी मंदिर क पैदल राहि पर भगदड़ मचले से छौ लोगन क मउति आ बीस लोगिन के घाही भइले के खबर हौ। ऊहां के पुलिस कप्तान प्रमेन्द्र सिंह डोभाल बतउलें कि इलाका में करंट फइलले क अफवाह से मचल अफरा–तफरी के बादि भगदड़ क स्थिति बनि गइल। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ घटना पर सोक जतावत घाही लोगिन क जलदिय ठीक भइले क कामना कइले हवें। मुख्यमंत्री प्रदेस के हरेक मृतक के परिजनन के दुइ–दुइ लाख रूपिया क आरथिक मददि देहले क घोसणा कइले हवें।

**********

प्रदेसभर में आजु हरियाली तीज क पावन तिउहार सरधा अउर उछाह से मनावल जा रहल हौ। येह मौका पर गोरखपुर समेत प्रदेस के तकरीबन सज्जों जिला में गीत संगीत आ नृत्य क आयोजन हो रहल हौ, जेह में मेहरारू लोग बढिचढि के हिस्सा ले रहल हइनि। मथुरा जिला में हरियाली तीज क खास उछाह देखल जा रहल हौ। उहां बढहन संख्या में सरधालु ठाकुर बांकेबिहारी लाल मंदिर में पहुंचि के उनकर दरसन पूजन कइलें। हरियाली तीज के दिने श्री बांके बिहारी स्वर्ण हिंडोला में बिराजमान होके भक्तन के दरसन देले।

**********

प्रदेस के सज्जो पूरबी जिला में बादर छउले रहले अउर के बयार चलले से तापमान में गिरावट आइल हौ अउर लोगन के कुछ हद ले उमस भरल गरमी से राहत मिलल हौ। मौसम विभाग अगिला 4–5 दिन्न ले बरखा क अनुमान जतवले हौ। कुछु जगहिन पे भारी बरखा अउर बिजुलियो गिरले क अनेसा जतावल गइल हौ।

**********